**दिन–रविवार** **दिनांक–08.03.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक पुत्र निशांत कुमार आइ अधिकारिक रूप सँ जदयूक सदस्यता ग्रहण कयलनि। जदयूक कार्यकारी अध्यक्ष संजय कुमार झा निशांत कुमार के पार्टीक सदस्यता ग्रहण करबौलनि। श्री झा कहलनि जे आजुक दिन ऐतिहासिक अछि। ओ निशांत कुमार के बधाई दैत कहलनि जे ओ जदयू के बिहार मे आगां बढ़ाबय मे मददि करताह। ओतहि, निशांत कुमार पार्टी दिस सँ हुनका पर विश्वास व्यक्त करबाक लेल आभार व्यक्त कयलनि। ओ संगठन के मजगूत बनेबाक आ लोक सभ धरि जदयूक नीति के पहुंचेबाक संकल्प लेलनि। श्री कुमार कहलनि जे ओ अपन पिताक मार्गदर्शन मे बिहार के विकसित बनेबाक काज करताह। एहि अवसर पर पार्टीक वरिष्ठ नेता आ केन्द्रीय मंत्री ललन सिंह, ऊर्जा मंत्री बिजेन्द्र प्रसाद यादव तथा संसदीय कार्य मंत्री विजय कुमार चौधरी समेत पार्टीक कतेको गणमान्य लोक उपस्थित छलाह। कांग्रेस निशांत कुमार के जदयू मे सम्मिलित हेबा पर शुभकामना देलक अछि। ओतहि, राजद प्रवक्ता मृत्युंजय तिवारी कहलनि जे ई जदयूक आंतरिक मामिला थीक।

---

नेपाल मे रैपर बालेन्द्र शाहक राष्ट्रीय स्वतंत्र पार्टी–आरएसपी सरकार बनेबाक तैयारी मे लागि गेल अछि। विदित अछि जे श्री शाह चारि बेर प्रधानमंत्री रहि चुकल केपी शर्मा ओली के करीब पचास हजार भोटक अंतर सँ पराजित कयलनि। बालेन्द्र एहि देशक पहिल मधेशी प्रधानमंत्री हेताह आ नेपालक संसदीय इतिहास मे एहि पद पर आसीन होबऽवला पहिल प्रधानमंत्री हेताह।

---

आइ अंतर्राष्ट्रीय महिला दिवस अछि। एहि वर्षक विषय अछि– महिला आ बालिका लेल अधिकार, न्याय आओर कार्रवाई। ई महिला अधिकार के मजगूत करबाक, न्याय धरि पहुंच सुनिश्चित करबाक तथा स्त्री–पुरूष समानता मे तेजी लयबाक भावना के दर्शबैत अछि। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु अंतर्राष्ट्रीय महिला दिवस पर अपन शुभकामाना दैत कहलनि जे महिला समाज राष्ट्रक नीव थीक आ शिक्षित, आत्मनिर्भर तथा सशक्त महिला समृद्ध, प्रगतिशील राष्ट्रक निर्माण मे महत्वपूर्ण योगदान दऽ सकैत छथि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि जे महिला प्रत्येक क्षेत्र मे दृढ़संकल्प, रचनात्मकता आ अद्वितीय उत्साहक संग देशक प्रगति के आकार दऽ रहल छथि। एम्हर, राज्यपाल कहलनि जे भारतीय संस्कृति आ परंपरा मे महिला लोकनि के सदैव उचित सम्मान भेटल अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कहलनि जे महिला लोकनिक विकास तथा सशक्तिकरण लेल राज्य सरकार लगातार प्रयत्नशील रहल अछि।

———————————————————————

एम्हर, मिथिलांचल समेत संपूर्ण बिहार मे महिला दिवस पर कार्यक्रम हेबाक संवाद प्राप्त भऽ रहल अछि। पटनाक ज्ञानभवन मे आयोजित कार्यक्रम मे समाज कल्याण मंत्री मदन सहनी महिला लोकनि के समर्पित पिंक बस के हरियर झंडी देखा कऽ विदा कयलनि। ओतहि, ओ एक ऑनलाईन पोर्टलक शुभारंभ कऽ बाल–विवाह उन्मूलन लेल ड्रॉफ्ट गाईडलाईनक सेहो विमोचन कयलनि। दरभंगाक अम्बेडकर सभागार मे आयोजित कार्यक्रम मे महिला सशक्तिकरण पर जोर देल गेल।

———————————————————————

आईसीसी पुरूष टी–ट्वेंटी क्रिकेट विश्वकपक मोकाबिला मे आइ भारत आ न्यूजीलैंड आमने–सामने भऽ रहल अछि। ई मैच अहमदाबादक नरेन्द्र मोदी स्टेडियम मे सांझ सात बजे खेलल जायत। भारतीय टीम चारिम बेर जखनकि, न्यूजीलैंडक टीम दोसर बेर प्रतियोगिताक फाईनल मे पहुंचल अछि।

———————————————————————

मधुबनी जिलाक बेनीपट्टी प्रखंडक चारि पंचायत मे आगामी अठारह मार्च के होबयवला पैक्स चुनाव लेल काल्हि नामांकन प्रक्रिया संपन्न भऽ गेल। एहि मे अध्यक्ष पद लेल पांच आ प्रबंध कार्यकारणी सदस्य लेल बाईस प्रत्याशी नामांकन कयलनि अछि।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना मे पांच सय बेयालीस करोड़ टाकाक लागति सँ बनल बिहार संग्रहालय आ पटना संग्रहालय के जोड़यवला सुरंगक कार्यारंभ कयलनि। करीब डेढ़ किलोमीटर पैघ एहि आधुनिक भूमिगत सुरंग मे गोल्फ कार्ड सेवा आ लिफ्टक सुविधा सेहो होयत।

दरभंगा मे आयोजित दू दिवसीय श्यामा महोत्सवक आइ समापन भऽ रहल अछि। एहि अवसर पर काव्य गोष्ठी, विद्वत गोष्ठी समेत कतेको कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल।

छपरा मे अवैध बालू खनन के विरूद्ध कार्रवाई करय गेल एक टीम पर बालू माफिया सभ हमला कऽ देलक। घटनाक सूचना पर पुलिस प्रशासन पहुंचि कऽ जांच–पड़ताल कऽ रहल अछि।

———————————————————————————

पश्चिमी विक्षोभ के सक्रिय हेबा सँ प्रदेशक विभिन्न क्षेत्र मे एगारह मार्च धरि बरखा हेबाक संभावना अछि। मौसम विभाग कहलक अछि जे एहि क्रम मे मेघ गर्जन आ ठनका खसबाक संग तीस सँ चालीस किलोमीटर प्रतिघंटाक गति सँ हवा चलबाक संभावना सेहो अछि।

———————————————————————————

समाप्त